# Aqtubada cementobeton qaplamalı jol qurıldı

Sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwı hám turmıslıq mashqalaları bar bolǵan Kegeyli rayonındaǵı Aqtuba awıl pukaralar jıyınında elatlı punktlerdiń arxitekturalıq kórinisin jaqsılaw, jol transport infrastrukturası, injenerlik kommunakaciya tarmaqların tartıw hám abadanlastırıw jumısların shólkemlestiriw boyınsha "Abat awıl" baǵdarlaması tiykarında ilajlar alıp barılmaqta.

Image not found or type unknown

Baǵdarlamaǵa muwapıq, awıl puqaralar jıyını aymaǵında bahası 2 mlrd.735 mln.swm bolǵan 7,5 km ishki jollardı ońlaw jumısları alıp barılmaqta. Al, aymaqtaǵı Qarasıyraq awılınıń oraylıq kóshesine jámi 500 metr uzınlıqtaǵı cementobeton qaplamalı jol qurılısı jumısların ámelge asırıw belgilengen bolıp, búgingi kúnde jumıs kөlemi sapalı orınlanıp, aymaq turǵınlarına paydalanıwǵa tapsırıldı. Jaratılǵan qolaylıq hám joqarı itibar ushın aymaq turǵınalarınıń kuwanıshı óz aldına bolmaqta.

Image not found or type unknown

Kegeyli rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti